

PlusOne | Serious Revision

Shona

AVAILABLE
IN LEADING
BOOKSHOPS
ACROSS ZIMBABWE!
or contact us at;
(SBP Book Publishers).
WhatsApp or Call
078 895 4870
071 699 0774
0712 560 870

Grade

5

Revision
Guide



**Ellah Mamvura
Maria Mavangira
Prevelege Chigwedere**

New Curriculum
With
Answers

PlusOne | Serious Revision

Shona

Grade 5 Revision Guide

(with answers)

Ella Mavhura Maria Mavangira Prevelege Chigwedere



ZVIRI MUKATI

CHIKAMU 1: ZVINOTARISIRWA PABVUNZO	1
CHIKAMU 2: RONDEDZERO	1
1. Rondedzero yetsanangudzo	1
2. Rondedzero yetsumo.....	1
3. Rondedzero yemhan'arwa	2
4. Hurukuro/ Naurirano.....	2
5. Detembo	2
6. Rondedzero yemufananidzo.....	3
7. Rondedzero yenhauro	3
8. Tsamba yebasa	3
9. Tsamba yeushamwari.....	4
CHIKAMU 3: NZWISISO NEPFUPISO	4
1. Nyaya yetsanangudzo	4
2. Zanondega akasiya jira mumasese.....	5
3. Nzwisiso yetsamba yemhan'arwa.....	5
4. Nzwisiso yehurukuro	6
5. Nzwisiso yedetembo	7
6. Nzwisiso yemufananidzo.....	8
7. Nzwisiso yenhaurwa	8
8. Nzwisiso yetsamba.....	9
CHIKAMU 4: MASHANDISIRWO OMUTAURO	11
1. Tsumo.....	11
2. Madimikira.....	12
3. Nyaudzosingwi	12
4. Zvimiso	13
5. Mavara makuru	13
6. Zviperengo	14
7. Fananidzo.....	14
8. Zvirahwe	14
9. Zviito.....	15
10. Mazwi anoreva zvakafanana.....	15
11. Mazwi anoreva zvinopesana	15
12. Mazwi anoreva zvakasiyana-siyana.....	16
13. Mazwi muuzhinji kana muushoma	16
14. Mazita	17

MIRAIRO KUBVUNZO	18
Bvunzo 1	20
Bvunzo 2	28
Bvunzo 3	36
Bvunzo 4	43
Bvunzo 5	51
Bvunzo 6	59
Bvunzo 7	66
Bvunzo 8	73
Bvunzo 9	79
Bvunzo 10	86
MHINDURO DZEZVIKAMU	93
MHINDURO DZEBVUNZO	98

CHIKAMU CHEKUTANGA

Zvinotarisirwa pabvunzo

Pane zvinhu zvakawanda zvinotarisirwa kana mudzidzi achinge achinyora bvunzo rake. Kuti ubudirire mubvunzo dzako, unofanira kutevedzera zvinotevera:

- Kunyora runyoro rwakanaka, *Nelson Script*, rwunooneka uye rwunoverengeka. Muenzaniso we*Nelson Script* mavara madukuanoiswa *maloop*.
- Kunyora ChiShona chakanaka chisina ‘*slang*’.
- Kuzadzisa nekutsanangura tsumo, madimikira, nyaudzosingwi, fananidzo, zvirahwe nefananidzo nemazvo.
- Kunyora ronderdedzero inenge yapihwa nemutauro weChiShona chakanaka mumaparagirafu, mumazwi anosvika zana.
- Kuverenga nyaya wonzwisisa wopindura mibvunzo yenzwisiso nezvirevo zvakazara.
- Kushandisa mavara makuru paanodiwa uye kugona kushandisa zvimiso zvose zvakanaka sekutsanangurwa kwazvichaitwa muchikamu chechina.
- Kubatanidza nekupatsanura mazwi zvakanaka muzviperengo zveChiShona zvakanaka.

CHIKAMU CHECHIPIRI

Ronderdedzero

Kune mhando dzeronderdedzero dzakasiyana-siyana dzinokwanisa kunyorwa uye kuuya mubvunzo. Semudzidzi unotarisirwa kunge uchikwanisa kunyora mhando dzose dzeronderdedzero. Mazwi anofanira kusvika zana uye zvirungamutauro zvinofanira kuiswa mukati meronderdedzero. Mhando dzeronderdedzero dzinosanganisira dzinotevera:

1. Ronderdedzero yetsanangudzo

Mhando yeronderdedzero iyi unogona kutsanangura zvakaitika kana zvinoitika, mamiriro echinhu kana nzvimbo uye magadzirirwo echinhu sokuti:

- (a) Nyora ronderdedzero pamusoro pemhuri yenu.
- (b) Nyora ronderdedzero pamusoro pemabikirwo eche кудя chaunofarira.
- (c) Nyora ronderdedzero pamusoro pechikoro chenyo.
- (d) Nyora ronderdedzero pamusoro peVictoria Falls.

2. Ronderdedzero yetsumo

Panopihwa tsumo mudzidzi wogadzira nyaya inoenderana netsumo yacho. Nyaya yacho kufamba kwayo ngaiburitse zvinoreva tsumo yacho, kana zvaitaurirwa tsumo yacho nevakuru.


- (a) Nyora nyaya inoburitsa tsumo yekuti, Mwana washe muranda kumwe.
- (b) Nyora nyaya inoburitsa tsumo yekuti, Kurera imbwa nemukaka mangwana inofuma yokuruma.
- (c) Ronderdedza nyaya inoburitsa tsumo yekuti, Chirere mangwana chigokurerawo.
- (d) Nyora ronderdedzero inoburitsa tsumo yokuti, Chisi chako masimba mashoma.

6. Rondedzero yemufananidzo

Apa vadzidzi vanopihwa mufananidzo usiri wezvinyadzi vogadzira nyaya kubva pane zavarari kuona pamufananidzo uyu. Nyaya yacho inofanira kuenderana nemufananidzo wapihwa wacho.

Musoro unogona kupihwa wakanzi:

Nyora nyaya inoenderana nemufananidzo wakapihwa.



7. Rondedzero yenhauro/ nhaurwa

Nhauro imhando yerondedzero yekuzivisa pamusoro pechiitiko kana zviitiko zvinenge zvichiitika pachipihwa tsananguro yemusoro wacho unenge wapihwa. Inofanira kuva nekukwazisa, kuzivisa mutauri nevanhu varipo kunyanya vakokwa nevanoremekedza pamwe chete nevari muzvikwata zvakasiyana-siyana sekuti vabereki, nevadzidzisi. Inotaurwa pfungwa dzinokosha dzayaitirwa dzichizotsanangurwa imwe neimwe zvakazara zvakajeka kuti inzwisisike. Mutauri wacho anopedzisa nyaya yake nekutsinhidzira pfungwa dzinonyanya kukosha.

Mienzaniso yemisoro yenhauro

- Nyora nhauro ichaitwa nemukuru wechikoro kuvalereki achivaonesa mabhuku anoda kutengerwa vana kuti vagokwanisa kubudirira muzvidzidzo zvavo.
- Nyora nhauro ichapihwa nemwana akaenda kumakwikwi emutambo akabudirira, achitaurira vadzidzisi nevadzidzi zvakanakira mitambo pachikoro.
- Nyora nhauro yemurairidzi anodzidzisa zvekurima achionesa zvavakarima nekupfuya pachikoro pavo.

8. Tsamba yebasa

Iyi imhando yetsamba inoiswa kero mbiri yemunyori neyewaari kunyorera. Mutsamba iyi munonyorwa kwaziso kureva kuti iri kunyorera ani sokuti Changamire. Inoiswa musoro /donzo/donzvo/chinangwa chaita kuti inyorwe. Chinangwa chinogona kunyorwa nemavara makuru chose. Hachizotarwa mutsetse pasi asi kana chanyorwa namavara maduku chinotarwa uye vara rega rega rinotanga izwi rinoiswa vara guru. Haimholeswe mukati pakunyora. Inonyorwa zvinokosha chete asi zvirungamutauro zvinonyorwa pazvinokwana. Mazwi anosvika zana pasingaverengerwe kero. Painoperera panonyora zita remunyori wetsamba zvakazara asi hapaiswe chimiso nyangwe pakero hapaiswe zvimiso.

Mibvunzo

1. Munyori wenyaya iyi akarumwa nembwa mumwedzi upi?
2. Sei imbwa idzi dzaigara dzakavharirwa gedhi?
3. Shamwari yaRufaro yainzi ani?
4. Nderipi izwi riri munyaya rinoreva kumhanya uchiedza kuzviburitsa munjodzi?
5. Ndiani akanunura munyori pakurumwa kwaakaita nembwa?
6. Nyora pfupiso yenyaya inemazwi makumi matatu nemashanu uchitsanangura zvakaitika mushure mekunge Fadzai na Rufaro vaparatzana.

2. Zano ndega akasiya jira mumasese

Zuze aiva mukomana akange akanyararisa asingataure-taure nevanhu. Vanhu vemuKwekwe maaigara vaitoshaya kuti chii chaanofarira kana chaanovenga. Aizviita muziva zvese. Akange aine makore gumi nemapfumbamwe. Aigara nababamudiki vake munin'ina wababa vake vaiva vasati varoora pamba pavairoja.

Semunhu aiva asingade zvekutaura nevanhu akafunga kunotenga usavi kuzvitoro zvaiva pedyo asina waaudza. Akashandisa nzira yaipfuura nemuzvibage. Yaiva nguva yezhizha, chibage chaive chakafirira.

Vanhу nguva iyi havainyanyoshandisa nzira iyi nekuda kwekutya mbavha nemhondi. Ava pakati penzira akaona varume vaviri vakangoerekana vati pindikiti munzira. Mukomana akapererwa. Akabva anzi usamboti pwee zvako tinokubaya nebanga.

Akatanga kufunga kuti dai audza vavaigara navo kuti ndonzira yaachafamba nayo asi semunhu aiita zano ndoga akanga asangana nazvo.

Mibvunzo

1. Zuze aigara naani?
2. Mukomana uyu aizviita ani?
3. Waiva mwaka upi pakaitika nyaya iyi?
4. Nderipi izwi riri munyaya iyi rinoreva munhu anoponda vanhu?
5. Ipa nyaudzosengwi iri munyaya iyi inoreva kupinda.
6. Nyora pfupiso yenyaya ne mazwi makumi matatu nemashanu uchitsananguramararamiro aZuze.

3. Nzwisiso yemhan'arwa

Kuna : VaGwenzi

Zuva : 25 Nyamavhuvhu 2021

Nzvimbo : Zengeza 5

Musoro : Kubiwa kwakaitwa mabhuku.

Ndanyora mhan'arwa ino ndichikutsanangurirai pamusoro pekubiwa kwakaitwa mabhuku ekuverenga muhofisi yemukirasi menu mu7 Green. Zuva raive rorova nhongonya, vamwe vadzidzi vaive vatoenda kumba. Isu veGwaro reChinomwe taivapo pachikoro.

Vakomana vashanu veGwaro reChitanhatu vakange vakahwanda kuseri kweimwe imba inodzidzirwa nevadzidzi veGwaro reKutanga. Pavakanza vanhu vati ziro vakabva vapinda mukirasi menu nepafafitera. Ini naTinashe takavaona tichibva kuchimbuzi. Takabva tati kwati nemadziro kuti tinyatsoona zvaiitika. Gonhi repahofisi penyu raiva risina kukiwa saka vakabva vangohvura.

4. Zvimiso

Zvimiso zvakasiyana-siyana uye zvinoshanda zvakasiyana, zviine mazita akasiyana sokuti:

- (i) . **chimiso kana chindaguma kana chidonhwe.** Chinoratidza panoperera mutsara.
- (ii) , **chifemo kana chiturabefu** chinonyorwa panoda kumbofemwa mutsara usati wapera kana pari kudomwa zvinhu zvakawanda sokuti: Ndapihwa shangu, rokwe, mari, ngowani nebhuku naamaiguru vangu.
- (iii) ! **Chikatyamadzo / chikuwo** ichi chinoiswa pari kushamisikwa kana pari kudaidzirwa sokuti:
Yowee! Ndiani amurova kudaro.
“Handina!” Rudo akashevedzera.
- (iv) “ ” **Nyora dzekuvhura nekuvhara** mazwi akataurwa nanyakutaura. Dzinonyorwa kuratidza mazwi acho akataurwa sokuti:
“Ndipewo jira iro Sharai ndifukidze mwana,” ambuya vakadaro.
“ Uri kuenda kunoitei kuchitoro?” Anotida akamubvunza.
- (v) ? **Chibvunza** chinoiswa panoperera mubvunzo sokuti: Anonzi ani zita rake?

Isa zvimiso zvakakodzera.

1. MuZimbabwe munotaurwa ChiRungu ChiShona Chikaranga ChiKorekore ChiManyika ChiBudya kana ChiNda.
2. Mangwana ndichaenda kumunda kunokohwa zviyo.
3. Handidi akadaidzira Ruvimbo.
4. Atengerwa nhumbi chinyoreso shangu mabhuku nhare nemudhebhe.
5. Tinotenda Tinotenda Huya kuno.
6. Ndakadya sadza nemutikiti.
7. Vanouya rini nemombe yacho.
8. Endai munochera mvura kubindu murairidzi akaudza vadzidzi.
9. Uri kudzoka rini kudhorobha.
10. Anouya masikati baba vakapindura.

5. Mavara makuru

Aya anonyorwa panotangira mitsetse, pane mazita evanhu, enzizi, emakomo, emwedzi yegore nepane ruremekedzo, sokuti:

- (a) Musi weChina 12 Nyamavhuvhu VaGumbo naVaShoko vakabira kuenda kuNgezi neparwizi Munyama vachienda havo kundari.
- (b) Nyika yeZimbabwe iri muAfrica inotungamirirwa naVaMnangagwa.
- (c) Rudo naTsitsi vanogara kwaMutoko kuMashonaland East.

Isa mavara makuru paanodiwa.

- (i) dutavanhu rekwanukwa rakabheuka padyo negomo rinonzi ngoma.
- (ii) musi wechina tichaenda kuhurungwe namai nyama.
- (iii) nyika yeangola iri muafrika.
- (iv) mwedzi ya chikumi nachikunguru iri mu mwaka wechando.

GRADE 5 BVUNZO 2

CHISHONA 504/1

PAPER 1

Nguva: Awa nemaminitsi makumi mana nemashanu

MIRAIRO KUVANYORI

- Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
- Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindurira mibvunzo.

VERENGA TSAMBA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO.

Mutiro Primary School

Private Bag 80

Buhera

9 Nyamavhuvhu 2021

Vanodiwa Mukoma

Ndanyora tsamba iyi kwamuri ndichikuzivisa kuti munokokwa kuchikoro kwedu kuti muzoona zvatinonyora mumabhuku edu. Mukuru wechikoro vakatizivisa kuti timuudzei kuti musi wa10 Gunyana munodiwa pachikoro nenguva dzegumi mangwanani.

Ndakamboudza mbuya vakati ndikuudzei pachine nguva kuti mugadzirire kufamba sezvo ivo vasingagone kunyora nekuverenga. Vaiti ivo imi mukauya munozoona pandinenge ndakaderera mowana mukana wokutura nemudzidzisi wangu.

Mukuru wechikoro wakatizivisa kuti pachazenge pachipiwa mibairo kuvana vanenge vakunda vamwe vose padanho roga roga. Ndiri kushanda nesimba kuti ndive mumwe wavo. Ndainokumbirawo kuvigirwa shangu kuti musazonyara kana ndoenda mberi kune vanenge vane mibairo.

Ndichafara kana mukauya kuzonditsigira. Ko, makadii mazuvano? Isu tinofara tose nambuya. Mufarise shamwari dzenyu.

Wenu munin'ina

Beven

1. Ndiani akanyora tsamba?

- A. mukoma waBeven.
C. ndiBeven.

- B. mukuru wechikoro.
D. ndiMbuya.

2. Ndiani ari kukoka vanhu?

- A. Beven
C. mbuya

- B. mukuru wechikoro
D. mukoma

veZero Giredhi. Vana vase vaiuya nemvura muzvigubhu zvezera ravo. Kana vari vakuru vavo handichatauri, kuzoti vabereki, haiwa pakaita mweya wokubatira pamwe unotyisa.

Chivakwa chedu ndichocho icho chamunoona chine pendi itsva icho. Kana tapedza zvepano patigere tichasimuka tonopinda mukati tichiona michina ichadzidzwa nevana iri mukati yatakapiwa pachena zviya, kutanga kwegore rino naKanzera wedu VaMushoriwa. Ndoda kuti kwamuri, hatifaniri kudzokera kumashure pane zvose zvatinoronga nekuti hapana chingabuda. Tinozviuraira chikoro ivo vana vari vedu vanoda dzidzo.

Kana pane ane zano kana muono huyai, ini mukuru wechikoro ndakasununguka. Ndinoda mazano evamwe, handingachisimudzi chikoro ichi ndiri ndoga. Ngatimbozviroverai maoko. Tichisimuka pano tonoona chivakwa, tapedza vabereki toenda murungwaro rwechinomwe umo tonowana zvokudya. Vana munopuwirwa pano pamumvuri.

Ndatenda.

20. Ndiani aitaura pagungano revanhu?

- A. Vadzidzisi.
- B. Vana vechikoro.
- C. Mukuru wechikoro.
- D. Kanzera.

21. Mukuru wechikoro wainzi ani?

- A. VaMhiza
- B. VaGumbo
- C. VaMushoriwa
- D. VaMashizha

22. Mukuru wechikoro waitaura nezvei?

- A. Kusvitswa kwemakombiyuta nakanzera.
- B. Kupa rutendo kubasa rechivakwa rainge raitwa.
- C. Kutenda vana vezero vaichera mvura.
- D. Kuunganira kudya nokunwa.

23. Ndivanani vaipihwa rutendo?

- A. Vana vechikoro.
- B. Vabereki.
- C. Kanzera.
- D. Munhu wose akaita basa.

24. Ndiani akapa vechikoro makombiyuta?

- A. NdiKanzera Mushoriwa.
- B. Akatengwa nemukuru wechikoro.
- C. Akatengwa nevabereki.
- D. Akatengwa nevadzidzisi.

25. Ipa mazwi akataurwa nemukuru wechikoro pandima yokupedzisira zvinoratidza kuti munhu akaita sei?

- A. Asingagoni kushanda nevamwe.
- B. Munhu anogamuchira pfungwa dzevamwe.
- C. Munhu anotarisira vamwe pasi
- D. Munhu anoda kuzviitira zvinhu zvake oga.

26. Dimikira rokuti kuzvirovera maoko rinorevei?

- A. Kuzvitenda.
- B. Kuzvitsamwira.
- C. Kushanda nesimba.
- D. Kudya sadza.

27. Vabereki vakanodya zvekudya vari kupi?

- A. Vakagara pasi pomumvuri pavainge vakaungana.
- B. Vakaenda murugwaro rwechinomwe.
- C. Vakadya vagere muimba yekubikira.
- D. Vakadyira muchivakwa chitsva.

28. Chivakwa chepachikoro ichi chaizoitanbasa rei?

- A. Chaidzidzirwa nevana vegwaro rechinomwe.
- B. Chokuitira musangano nevabereki.
- C. Chokudzidzira zvidzidzo zvemakombiyuta
- D. Rokugarwa nemukuru wechikoro.

IPA DUDZIRO.

29. Kubatiswa dombo.

- A. kunyengedzwa
- B. kufarirwa
- C. kutsiurwa
- D. kubatsirwa

30. Kutaura dondo.

- A. Kutaura zvokuyanika nyaya pachena pasina kupota pota.
- B. Kupinda mugwara.
- C. Kutadza kubudirira pane zvawanga uchida.
- D. Kutaura uchibuda mugwara nenyaya inenge iri mudariro.

31. Kupinda nemwenje mudziva.

- A. Kufarisa wopedzisira woita zvoupenzi zvinozokutambudza.
- B. Kuwirirana kana kunzwanaganana.
- C. Kuita zvinhu zvisingatarisirwi.
- D. Kuita zvinhu nemazvo.

VERENGA DETEMBO RINOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO.

Ini ndiri musimboti wehupenyu,

Pasina ini mari, zvinhu hawo manyongori,

Ndiani asingadi nezvangu,

Ini ndinokosha.

Nyika yose inongova mari,

Vamwe vanondibata kwazvo.

Vamwe vanondiparadza.

Ndinozonza tsitsi zvangu.

Pandinenge ndichiparadza.

Chiororo, pamunhu handigari.

Ndiri muenzi, anouya achienda.

Hapana unondibunza.

Motangazve kunditsvaka kana ndaenda.

Ndakashaikwa hero bonderere.

Runorwa, runotukana runouraya.

Inini zvangu ndakati kwaka.

Nechemumoyo ndinongoti, regai zviibvisane.

32. Detembo riri pamusoro pei?

- A. pokurwa
- B. pemari
- C. pokuuraya
- D. pokushanda

33. Chinhu chiri **musimboti** chinenge chakaita sei?
A. chichinetsa B. chichishandisika C. chichikosha D. chichiwanikwa
34. Ipa nyaudzosingwi yakashandiswa mudetembo inoreva kunyarara.
A. manyongori B. kwaka C. bonderere D. zviibvisane
35. Ndechipi chimwe chezvinoitika kana pasina mari?
A. kuurayana
B. kuiparadza
C. upfumi
D. kuwirirana
36. Ipa rimwe izwi rinoreva zvimwe chete nokuti, “ndichiparadzwa”.
A. ndichichengetwa
B. ndichidyiwa
C. ndichitambiswa
D. ndichishandiswa

IPA MAZITA EVANA VEMHUKA DZINOTEVERA.

37. Mwana wechiva anonzi
A. nhohwa.
B. chigwi.
C. chiduwa.
D. nzvenzvana.
38. Mwana wekatsi anonzi
A. chidharimbo.
B. nyana.
C. kakiti.
D. nhiriri.

SARUDZA CHIREVO CHAKANYORWA ZVAKANAKA.

39. A. Imbwia iyi yauya naani!
B. Imbwia iyi yauya naani?
C. Imbwia iyi yauya naani.
D. Žimbwa iyi yauya nani”.
40. A. Ndati kwete, ndinoda.
B. Ndati kwete, handidi.
C. ndati kwete, ndinoda.
D. ndati kwete, handidi.

GRADE 5 BVUNZO 2

CHISHONA 504/2

PEPA 2

Nguva: Awa nemaminitsi makumi mana nemashanu

MIRAIRO KUVANYORI

- Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
- Unotarisirwa kutora awa rimwe chete pachikamu chokutanga uye maminitsi makumi mana nemashanu pachikamu chechipiri.
- Pindura mubvunzo mumwe chete pachikamu chokutanga ugopindura yosepachikamu chechipiri.

CHIKAMU CHEKUTANGA: RONDEDZERO (MAMAKISI 20)

Sarudza musoro mumwe chete pane inotevera. Zvino chinyora muChiShona chakanaka, ronderedzero kana hurukuro ine mazwi **zana**. Ukarudza tsamba, mutumbi wayo ngauve nemazwi **zana**.

1. Nyora ronderedzero pamusoro pe nzvimbo inoyer yaunoziva.
2. Nyora tsamba kubazi rinoona nezvekuchengetedza kwemhuka uchivazivisa nezvemvuu dzaparadza zvirimwa zvenyu.
3. Nyora pamusoro penjodzi yakawira muvakidzani wenyu.
4. Nyora nhaurwa pamusoro pekukosha kwetsika munharaunda maunogara.
5. Nyora ronderedzero uchitsanangura zvakakoshera zvokutengeseranana.

CHIKAMU CHEREPI: NZWISO (MAMAKISI 10)

VERENGA NYAYA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO YAKAPIHWA NEZVIREVO ZVIZERE.

Musi uyu, hakwaidamwa anonزوا. Munhu wose ainge akageza uye kupfeka hembe dziri pamoyo. Paive nomuchato wemwanakomana wemuvakidzani wedu. Zvaingoda kuzvionera pamhino sefodya.

Mutambo wakavhurwa nemufundisi wesvondo yeHwisiri. Murume wakamira mira iyeye akapedzisira okurudzira vakomana nevasikana kuti vawanane nenzira yakanaka. Sevana vechidiki takadzidza zvakawanda. Vachati vakapiwa mikana yokupfekedzana mhete, kupa hama neshamwari makeke uye kunyora mazita avo pagwaro remuchato wavo. Zvapupu zvavo Sarai naDickson vakanyorawo avo mazita. Uku mheresu dzainge dzakachena kuita ngorozi chaidzo.

Tapiwa muchati aive akanyura musvutu ine ruvara hwehusvu, mwanasikana Rutendo aine rokwe jena raive nemuswe wakareba. Ko, iro ruva haro? Zvainwisa mvura. Chikamu chomufundisi chakadarika vachati, mheresu nevezukama vakaenda kunotorwa mifananidzo kudhamu reMutirikwi, isu veruzhinji takasara tichiita jakafiri rokudya twakasiyana iyo mimhanzi ichivhara nzeve.

Yakazoti yasvika zvino nguva yokubvisa zvipo, unozoti imari here iyoyo kunge mutakura. Midziyo yose yemudzimba dzakaita seyokubikira, yokurara neyokutandarira yakabviswa. Vabereki vomukadzi vakapa

dziva remotokari avawo vokumurume ndokuvapa imba yomuchirungu nematsiru maviri. Vachati vakachema nomufaro.

Mushure mekutendwa kweveukama navose vakanga vakokwa, takapandakara totsika matama enzira takananga kumikova yedu.

Mibvunzo

1. Nemhaka yei vanhu vainge vakaungana musi uyu? [1]
2. Ko, ndiani akapa shoko raMwari? [1]
3. Vachati vakapihwa mabasa mangani nomufundisi? [1]
4. Chii chinonzi husvu? [1]
5. Kuwanda kwemari kwakafananidzwa nei? [1]
6. Nyora pfupiso yendima iyi nemazwi makumi matatu nemashanu uchibuditsa zvakaitika pamuchato waSarai naDickson. [5]

GRADE 5 BVUNZO 7

CHISHONA 504/1

PEPA 1

Nguva: Awa nemaminitsi makumi mana nemashanu

MIRAIRO KUVANYORI

- Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
- Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindurira mibvunzo.

VERENGA TSAMBA INOTEVERA UGOPINDURA MIBVUNZO.

Chigwedere School

Private Bag 2111

Wedza

12 Kubvumbi 2021

Wadiwa Tete Nolita

Ndanyora tsamba ino ndine mufaro unoita kunge wakashongedzwa namaruva. Chiri kunyanyondifadza ndecekuti ini muzukuru wenyu ndakawana murume anondida chaizvo. Murume wangu anondiitira zvose zvandinoda pasina kana dambudziko.

Zvino ndiri kunyora ndichikukokayi kumutambo wekusvitsa makore gumi tigere tese nemurume wangu. Mutambo uyu uchange uchiitirwa kumba kweshamwari yangu ku Winston Park, ku Marondera muna Chivabvu. Imi satete ndaona kuti hamungashaikwe pamabiko akadai. Mouya makagadzirira dzidziso dzamuchapa vose vechidiki vasati vava mudzimba nevachangopindawo mudzimba kuitira kuchengetdzawo dzimba dzavo.

Muchange muri umwe wevaenzi vanokosha zuva iri, saka mogadzirira zvipfeko zvemberi. Handitarisire kukundikana kwenyu.

Mufarise mhuri yese

Wenyu muzukuru

Tavashe

1. Ndiyani akanyora tsamba iyi?

A. Nolita B. Tavashe C. vaenzi D. tete

2. Munhu akanyora tsamba anogarepi?

A. KuWedza B. KwaChigwedere C. Winstorn Park D. Marondera

3. Chinangwa chemunyori wetsamba chaiva chei?

A. Kufarira murume wake B. Kuraira vasati wawanikwa
C. Kukoka tete D. Kudzidzisa vamwe

30. Amai vaShuvai vakazoshaya mushure memwedzi mingani?
A. mina B. mitanhatau C. mishanu D. mipfumbamwe

31. Shuvai nehanzvadzi yake vakasiyiwa vava _____ pakashaya vabereki vavo.
A. shamwari neshamwari B. mukadzi nemurume
C. nherera D. sekuru nemuzukuru.

32. Amai vaShuvai vakabva vatevera, zvinorevei?
A. Vakafamba rwendo. B. Vakafa.
C. Vakaenda kuchikoro naShuvai. D. Vakatevedzera.

33. Mudzidzisi akavhovhomora mari muhombodo kuti ape Shuvai. Izvi zvinoratidza kuti mudzidzisi aiva
A. nemoyo wakanaka. B. nemoyo wakaoma.
C. nemoyo mutema. D. neshanje.

MAZWI ANOREVA ZVAKAFANANA.

34. Hombodo
A. mwena B. homwe C. mwena D. chikwama
35. Kusiya nyika
A. kutiza B. kuenda C. kufa D. kuramwa
36. Kusvimha misodzi
A. kufa B. kusvotwa C. kufara D. kuchema

UKAMA

37. Mwanakomana wehanzvadzi yaamai vako unomuti ani?
A. tete B. babamukuru
C. sekuru D. baba
38. Munun'ina waamai vako unomuti
A. amainini. B. tete.
C. maiguru. D. sahwira.

IPA VANA VEMHUKA DZINOTEVERA.

39. Mwana wedatya anonzi
A. datya. B. zunguzurwa.
C. gurwe. D. datyana.
40. Mwana wegawwe anonzi
A. garwe.
B. dapi.
C. ganyamatope.
D. nguruve.

GRADE 5 BVUNZO 7

CHISHONA 504/2

PEPA 2

Nguva: Awa nemaminitsi makumi mana nemashanu

MIRAIRO KUVANYORI

- Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
- Unotarisirwa kutora awa rimwe chete pachikamu chokutanga uye maminitsi makumi mana nemashanu pachikamu chechipiri.
- Pindura mubvunzo mumwe chete pachikamu chokutanga ugopindura yosepachikamu chechipiri.

CHIKAMU CHEKUTANGA: RONDEDZERO (MAMAKISI 20)

Sarudza musoro mumwe chete pane inotevera. Zvino chinyora muChiShona chakanaka, ronderedzero kana hurukuro ine mazwi **zana**. Ukarudza tsamba, mutumbi wayo ngauve nemazwi **zana**.

1. Nyora ronderedzero pamusoro pezuva rawakatadzira vabereki vako.
2. Nyora nhaurirano pakati pa sekuru ne muzukuru vachikurukura pamusoro penzira dzekuwanana.
3. Nyora ronderedzero uchitsanangura chimwe chevvivakwa chitsva pachikoro penyu.
4. Nyora tsamba uchitenda mumwe wavakokwi vakuya pazuva revana pachikoro penyu uyo akasiya mari yekubatsira kuzotenga mabhuku ekuraibhurari.
5. Nyora ronderedzero pamusoro pakukosha kwekurima.

CHIKAMU CHEREPI: NZWISO (MAMAKISI 10)

VERENGA NYAYA INOTEVERA UGOPINGURA MIBVUNZO YAKAPIHWA NEZVIREVO ZVIZERE.

Pamusoroi mese makateerera, mauya kuungano ino. Ini Javed ndakamirira sachigaro weboka revana vanoona nekuchengetedza nharaunda ndoda kukutendai chose nerutsigiro rwamapa kuboka redu.

Boka redu rakanteranga mugore ra2019, takanga tiri vana vashanu asi iko zvino tava makumi matatu. Zvinoratidza kukura kweboka. Nharaunda yedu yava kugara yakachena nguva dzose. Tinotarisira kuramba tichikoka vanhu kuti boka iri rirambe richikura. Kukura kweboka kunoratidzawo kugara nharaunda dzakachena.

Ndinovimba ticharamba tichishanda pamwe chete kuitira kipedza matambudziko ekushanduka kwekunze. Kushanduka kwekunze kuri kukonzerwa matambudziko akafanana nenzara. Nzara inoita kuti vanhu tisagadzikane nekuti zvekudya panenge pasina.

Ndinovimba ticharamba tichishanda pamwe chete.

Ndatenda.

MHINDURO DZEZVIKAMU

CHIKAMU CHECHITATU

1

1. Munyori wenyaya iyi akarumwa mwedzi waKurume.
2. Imbwa idzi dzaigara dzakavharirwa gedhi nekuti dzairuma.
3. Rufaro ndiye akarumwa paruoko nembwa.
4. Izwi riri munyaya rinoreva kumhanya zvakanyanya ndichamuhwiriri.
5. Varidzi vembwa ndivo vakaendesa munyori kuchipatara.
6. Fadzai naRufaro vaibva kuchikoro muna Kubvumbi. Imbwa dzepamwe pamba dzakabuda nekuti gedhi raiva risina kuvharwa. Rufaro akabva arumwa kaviri pagumbo. Imbwa yakazotemwa nedombo nemumwe murume aiva nebhizautare yava kuda kumuruma padumbu. Varidzi vembwa vakabva vasvika vakamuendesa kuchipatara.

2

1. Zuze aigara nababamudiki vake.
2. Mukomana uyu aizviita muziva zvese.
3. Maiva muzhizha pakaitika nyaya iyi.
4. Izwi riri munyaya iyi rinoreva munhu anoponda vanhu ndimhondi.
5. Nyaudzosingwi inoreva kupinda munyaya iyi ndeye kuti pindikiti.
6. Zuze mukomana aigara muguta reKwekwe. Zuze aigara nababamudiki vake. Mukomana uyu aisafarira zvekutaura taura nevanhu. rimwe zuva akaenda kunotenga usavi aina waaiva audza. Akashandisa nzira yaiva ichipfuura nemuzvibage umo akazosangana nembavha.

3

1. Mhan'arwa iyi yakanyorwa kuna VaGwenzi.
2. Mabhuku akabiwa nguva dzemasikati.
3. Munyori aiva naTinashe pavakaona vakomana vaiba mabhuku.
4. Vakomana ava vakagona kuvhura pahofisi paiva nemabhuku nekuti paiva pasina kukiwa.
5. Mabhuku akawanda akabiwa.
6. Anotipa naKundai vakaona vakomana vegwaro reChitatu vakanga vakahwanda kuseri kweimba yekudzidzira. Vakomana ava vakaonekwa vachipinda mukirasi nepafafitera, vakatora mabhuku akawanda vachitambidza Takura uyo aiva akamira pamusuwo akaaisa mubhegi. Tinashe na Anotipa vakavasiya vachiri mukati.

4

1. Vari kukurukura vaiva vakamira pasi pemumango.
2. Vabereki vanzi vanorambidza vana vavo kuita mitambo nekusaziva kukosha kwemitambo.
3. Kilimanjaro aiita mutambo wetsiva.
4. Munyaya iyi mataurwa mitambo mina.
5. Kundai aida kutumwa kusiraha nababa vake.
6. Kundai naKumbirai vaikurukura pamusoro pekukosha kwemitambo. Kumbirai anoti kuita mitambo kunobatsira pakurarama. Kundai aitenderana naKumbirai sezvo paiva nevazhinji vaiva vakabudirira nekuita mitambo yakasiyana-siyana.